

Kureelu Mbootaayu Xeet Yi
Mbooloom Kaaraange Mi,

Tëral 1325 (2000)
Mbooloom Kaaraange Mi déggoo ci 4213 ndajeem bu 31 October 2000

Pattalikum Tëralam yii di 1261 (1999) bu 25 Waxset ci atum 1999, 1265 (1999) bu 17 Sàttinmbar ci atum 1999, 1296 (2000) bu 19 Awiril ci atum 2000 akit 1314 (2000) bu 11 Waxset ci 2000, ak jépp wax ju léen firndéel soqeekee ci Persidaa ba booleek di fàttaliku li Persidaa bi dénkoon way-taskati xibaar yi ci 8 fan ci 8 weeru Mars ci atum 2000 (SC/6816) di bés bi Kureelu Mbootaayu Xeet Yi jagleel Wareefi Jigéen ñéek Jàmm ci Addina bi.

Ci delloo xel ci dogu ga ñu dogu woon ca Waxi Beijing ya akit ca Tëralin wa ñu fa tëral war koo amal (A/52/231) akit la ñu biral cib téere bu dajale la soqeekee ci 23 Ndajem Special Kureelu Mbootaayu Xeet Yi tudde ko "Jigéen ñi ci 2000 : Yemalem goor ak jigéen, Yokkute ak Jàmm ngir 21 xarnu bi" (A/S-23/10/Rev.1), rawatina bi soxal Jigéen ak jàmmaarloo bu ànd ak ngànaay.

Bu nu jàppée bu baax jëmu yeek xalaat yi lal Sartub Kureelu Mbootaayu Xeet Yi ak jàpp yit ni Sart bi jagleel na Kuréelu Kaaraange gi mu sàmmu jàmm ak kaaraange ci fépp ci àdduna bi,

Seetlu gu yittéel ci ni, aji dëkk yi yoruli ngànaay, daw laqu yeek nit ñiy gàddaaye séen dëkk rawatina jigéen ñeek xale yi, ñooy ñi li gën a metti ci ay wiy dal te yit ñiy jàmmaarlook ñi yori ngànaay ci séen kow la ñuy gën di dal, ba jàpp nanu ni lii fàww mu am lu jur ci jàmm ju war a sax akit ci njubboo.

Feddli maanaa mi jigéen am ci fàggul ak ci jubbaatle ci wàllu ay ak ci taxawal jàmm, di firndeel ni war na jigéen ñi bokk, ci kow séen cér tollook bu goor ci pexe yépp yu jublu ci saxal ak suuxat jàmm ak kaaraange, akit nu xam ni jaadu na seen taxawaay gën a fés ci tëralin yépp yi aju ci fàggul ak ci safaara wépp ay.

Feddli ni waareef la ñu doxal bu wér sart yi yoon tëral jagleel ko nit ak fu dëkke ci àdduna bi ak matuwaayam yi soxal wareefi doomi Aadama tey aar jigéen ñeek gone yu jigéen yu ndaw yi ci jamonoy jàmmaarloo yi akit su jàmmaarloo yi jeexee.

Fésal ni jaadu na ci ni ñépp ñi séq ay wi war nañoo fexe ba sumb yi ñuy amal ngir di yeete ci dindim njum ak loraange yi njum àndal, sédd soxla yu ñii di jigéen ñéek janq ji bokkuñu kook kenn.

Xàmmee bu wér ni jot na lool ci nu bàyyi xel ci ni jigéen ñi dañoo war a sax di bokk ci doxalin yi ñuy tëral ngir amal jàmm te, ci foofu nuy sukkandiku ci Yëgleb Windook akit ci Tëralu doxalinu Namibii ci la mu digle ñuy fexe ci wàllu sàkku jàmm ñuy yemale cérale ci diggante goor ñeek jigéen ñay bokk ci kuréel yiy ko dox.(S/200/693);

Xam maanaa mi nekk ci digle yi ëmbu ci waxtaan wi Persidaa bi waxtaan ak way-taskati xibaar yi ci 8 fan ci weeru Mars 2000 mu jëm ci tàggat gi ñu war a tàggat képp nit kuy yëngu ci taxawal jàmm ci wàllu yiir, aajook wareefi doomu Adaama jigéen ñeek xaleyi ci bërëb yi jàmmaarloo am.

Di xàmme ni sunu gënoon a xam li jàmmaarloo yi ànd ak ngànaay di def ci jigéen ñeek gone yu jigéen yu ndaw yi, ni su amoon ay laamisoo ci diggante kuréel yi ngir taxawal seen karaange gu gën a wér akit jigéen ñiy bokk ci doxalin yiy indi jàmm, saxalum jàmm jooju akum tasaareem akit kaaraange dina gën a yomb ci adduna bi,

Di takk ni soloo ngi ci gën a ndëgaral lobbub xam-xam bi ne ci li soqeekee jàmmaarloo yi ànd ak ngànaay te soxal jigéen ñeek xale yu jigéen yu ndaw yi

1.Di xiirtal Réew yi Bokk ci Kuréelu mbootaayu Xeet yi ñu fexe ba jigéen ñu gën a takku di bokk ci jataay yiy dogal ak ci doxalin yi ñuy amal moo xam ci biir réew yi la ñu nekk, ci gox bi ak yu réew i àdduna bi séq te ñu jublu ci fàggul, feg ak saafaray jàmmaarloo.

2. Di soññ Sekaltee Seneraal bi ci mu doxal tëralin yi ëmbu ci amalinu liggéey yi mudifar (A/49/587) tey yaatal bokkin wu gën a yaatug ngir jigéen ñi ci dogal yi aju ci jammaarloo yi ak ci yëngu-yëngu yiy indi jamm.

3. Di ñaax Sekaltee Seneraal ci mu yokk limub jigéen ñi muy takkal ndombo ngir ñu di ko toogal toogaay yu rañeeku, te yit ci loolu di woo Réew yi Bokk ñuy xamal Sekaltee Seneraal bi turi jigéen ndax mu koy yokk ko ci lim bu mu war di yeesal saa su ne.

4. Di gën a ñaax Sekaltee Seneraal bi ci mu gëstu nu mu yokke njariñ akit cérub jigéen ñi ci biir liggéey yi Kurélu Mbootaayu Xeet yi di amal ci gox yi , te gën a soxal seetlukati mbiri soldaar, mbirum poliis ci waa xeet wi gannaayuwul, warugari doomu Aadama ak ñiy dimbali way-sonn yi.

5. Di biral ni taxaw nañu ci boole doxalin wuy bàyyi yemale ni cér yee war a tolloo ci diggnte goor ñeek jigéen ñi ci liggéey yépp yi aju ci saxal jamm, te di ñaam Sekaltee Seneraal bi mu fexe saa yu mënee am, liggéey yi ñu def ci gox yi, di sédd jigéen ñi ab cér.

6. Di sàkku ci Sekaltee Seneraal bi mu jagleel Réew yi Bokk ay yoon ak jumtukaayi tàggat yu jëm ci wàllu kaaraange, wareef yi ak soxlay jigéen ak maanaa mi nekk ci jigéen ñi, di ko boole ci wépp tëralin wuy taxawal aka dëgaral jamm, di ñaan Réew yi Bokk ñuy bàyyi xel wàll yii akit di amal doxalin yu jublu ci yeete ci mbirum xomptéefu Sidaa ak Sidaa ci boppam ci biir sumb yi ñuy doxal ci seeni réew jagleel ko mbooloom soldaar si ak yu poliis yiy waaj a def seen liggéey te ba tey Sekaltee Seneraal bi fexe yit ba ñi newul i soldaar it te bokk ci liggéey bi ñu di léen boole ci tàggat mu ni mel.

7. Di xiirtal Réew yi Bokk ñu gën a dugal seen jàppale ci wàllu xalis, xam^xam ak jumtukaay ci yëngutu bu soxal fu ñu war a cérale jigéen ñi, ni ki ni ñu ko defale g<or ñi, moo xam yu way-farandoo taxawal, Kurélu Mbootaayu Xeet Yi Soxal Jigéen ñi akit Mbootaayu Xeet Yi Soxal gone yi, ak Mbootaayu Xeet Yi Soxal Daw Làqu yi akit yeneenyu ëmb maanaa yu ni deme ci fànn wi.

8. Di woo ñépp ñiy yëngu ci waar wi, jamono ju ñuy amal ndajey waxtaan ak bu ñuy doxal déggoo ngir taxawal jamm, ñu jëlaale dogal yuy céral jigéen ñi ni ki g<or ñi. bokk ci, way- farandoo: (a) Soxla yu ñu bokkul ak keneen ñoomjigéen ñeek gone yu jigéen yu ndaw yi am ci jamonoy yi ñuléen di delloowaat seen àq, suñuy delluwaat ca la ñu newoon ak bu ñuy sàmpu ci beneen bërëb ak suñu leen delloo seeni moomeel, su ñuydellu fa ñu joge woon akit ci jamonoy defaraat bu ay wi jàlle. (b) Doxalin yiy jàppale bépp yëngu-yëngu bu joge ci jigéen i réew ma mbaa yu waa réew ma, ci saafaaraw ay, te ñu nekk yu ñu jox wàll jigéen ñi ci déggoo tëralin yiy saafaara jammaarloo; (c) Doxalin yiy wooral ni kaaraange ak sàmmum aqi jigéen ak gone yu jigéen yi rawatina yi aju këyitu sarti réew mi, Tëralinu wote, poliis bi ak yoon.

9. Di woo ñi séqub jammaarloo ñu sàmmu wareef yépp yi aju ci àq ak karaange jigéen ak gone akit nit ñi yorul i ngannaay, rawatina ni warugar yi ñu leen teg ci biir Degoob Seneew bu 1949 akit Toftal ya ca tegu ci 1977, Dégoob Daw-Laqu yi bu 1951 ak Firndéel ba ci 1967, Dégoob Mbooloom Kaaraange mi-5- Jublu ci këyiti xibaar yi SC/6942 4213 Ndaje (PM) 31 Oktoobar 2000 ci Raafal bépp xeetu boddi bu jëm ci jigéen bu 1979 akit Dégoob Toftal bu àndul ak fitna ci 1999 ak Dégoob Kurélu Mbootaayu Xeet Yi ci Wareefi Gone bu 1989 akit yeneen ñaari Toftal yu àndul ak fitna ci 25 Mee 2000, nu boole ci jàpp ni am nay dogal yu jublu ci fànn wi ëmbu ci Kurélu Rom gi féete woo Tirbinaalu Addina biy àtte Jalgatim Yoon

10. Di woo ñépp ñi séq jammaarloo bi ànd ak ngannaay ñu jël i matuwaay ba aar jigéen ñeek gone yu jigéen yi ci faagaagal yu wekku ci li ñu doon jigéen maanaam, siif ak bépp xeetu sàkku ak metital ci jamonoy jammaarloo yu ànd ak ngannaay.

11. Fésal ni Réew yi ñoo féete woo dakkal lépp luy seetaan jalgatim yoon akit yayoo y<bbu ci tirbinaal képp ku ñu biral ni bokk nga ci raafal ngiir, loraange yu soxal xeetu doom Aadama, lor i bakken ci biir xeex bokk ca bépp xeetu sàkku bu ànd ak nééwal doole soxal jigéen ak gone yu jigéen ñi, te di gën a firndeel ni ñu bañ a boole jalgati yooyu ci fépp fu mu mën a ame, ci jalgati yi ñuy baale

12. Di woo ñépp ñi séq jammaarloo bi ànd ak ngannaay ñu sàmmu gëdda gi nit ñi yorul ngannaay am ak ceru yëmaande bi ne ci sancu daw-làqu yi mbaa seeni dëkkuwaay akit di sédd soxla yi jigéen ñeek

gone yu jigéen yi bokkul ak kenn, boole ca na ñu liggéeye bërëb yooyu, te di fàttali dogal 1208 (1998) ci 19 Nowàmbar 1998

13. Di xiirtal ñépp ñi bokk tabax sumbub doxalinu nangum ngànnay mi, summim soldaar si doon xeex, ak delluwaatug nit ñi ci seeni gox, ñu bàyyi xel ni soxlay jigéen ñi wuute na ñook yu goor ñi doon xeex te yit ñu jàpp soxlay nit ñeek ña wékku ci ñoom.

14. Yeesalaat ni taxaw na temm, ci waxtu wu ñu jëlee dogal yu wéeru ci Limu 41 bu Sartu Mbootaayu Xeet Yi, ñuy bàyyiu xel la ñu nar a indil way-dëkk ya yorul i ngànnay, te sédd cér soxlay ñii di jigéen ñeek gone yu jigéen yu ndaw yi, bay céral lee-lee tëralin yuy soxal doom Aadama kese.

15. Xamle ni taxaw na ci fexe ba liggéey yi muy doxal di bàyyi xel cérale bi war ci diggante goor ak jigéen ak aqi jigéen ñi ci kow di jokkook mbootaayi jigéen yi ci réew yi ak kuréli mbootayu jigéen yi ci àdduna bi

16. Woo Sekalteer Seneraal bi ci mu gëstu li jàmmaarloo yi ànd ak ngànnay di indil jigéen ñeek gone yu jigéen yu ndaw yi, wàllu jigéen ci dëgéral tabaxum jàmm ak cérub jigéen ci biir doxalin yiy indi jàmm ak saafaaram gis-gis yu woroo akit di ko ñaan mu jébbal li soqeekee ci ngëstu moomii mépp réew mu bokk ci Kuréelu Mbootaayu Xeet Yi.

17. Di sàkku ci Sekalteer Seneraal bi ci jépp jamono, mu boole ciy xamleem yu jëm ci Kuréelu Kaaraange gi, doxinu liiy cér yi soxal jigéen ak goor ci bépp liggéey bu jublu ci amal jàmm akit ci yeneen fann yu soxal jigéen ñeek janq ji.

18. Biral ni mbir mii dina wéy di doon séen yitte ba fàww."

Translated under the supervision
Of Africa Consultants International
Baobab Center
BP 5270 Dakar-Fann, SENEGAL
Tel. 221-825.36.37 or 825.49.72
Fax: 221-824.07.41
email: <aci@enda.sn>
Internet: <http://www.acibaobab.org>